

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Sumber Data

Numutkeun Arikunto (2010:172) sumber data nya éta subjék data-data panalungtikan anu dibeunangkeun ku panalungtik. Ieu panalungtikan merlukeun sumber data pikeun meunangkeun data anu baris ditalungtik. Anapon sumber data anu diperlukeun dina ieu panalungtikan nya éta babasan jeung paribasa Sunda anu masih kénéh aya sarta dipaké di masarakat Sunda.

Aya dua sumber data dina meunangkeun data babasan jeung paribasa. Kahiji data primer, nya éta babasan jeung paribasa anu asalna ti panutur asli urang Sunda. Kadua data sekunder, nya éta babasan jeung paribasa anu geus dikumpulkeun mangrupa buku ku sababaraha pangarang. Pikeun ngawatesanan, kalancaran jeung *efisiensi* waktu ieu panalungtikan, sumber data dina ieu panalungtikan ngagunakeun sumber data sekunder anu geus aya. Sumber data anu digunakeun nya éta tina buku *700 Paribasa Sunda* meunang nyusun Gandasudirdja (1977), *1000 Babasan jeng Paribasa Sunda* meunang nyusun Tamsyah (1994), *Babasan & Paribasa Kabeungharan Basa Sunda* meunang nyusun Rosidi (2005), jeung *Babasan & Paribasa Kabeungharan Basa Sunda 2* meunang nyusun Rosidi (2010). Tina éta sumber, data nu aya dikumpulkeun tuluy dipilih sarta dianalisis babasan jeung paribasa anu ngarojong tur nuduhkeun déskripsi watek (karakter) urang Sunda dumasar kajian psikolinguistik sosial.

3.2 Desain Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan bisa kalaksana kalayan lancar perlu ditangtukeun desain panalungtikanna. Desain panalungtikan anu dimaksud nya éta bagan atawa gambar anu nuduhkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan 3.1 ngeunaan desain panalungtikan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode bisa dihartikeun minangka cara mikir numutkeun aturan atawa sistem anu tangtu. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode analisis déskriptif. Méthode déskriptif mangrupa méthode anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan, jeung sajabana, anu hasilna disusun dina wangun laporan (Arikunto, 2010:3). Méthode déskriptif luyu jeung tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun hasil analisis korélasi watek urang Sunda anu kaproyéksikeun dina babasan jeung paribasa Sunda.

Panalungtikan ieu dilaksanakeun sacara kualitatif. Maksudna panalungtik dina meunangkeun data panalungtikan dilakukeun sacara objéktif. Data anu geus aya tuluy dianalisis sarta dipasing-pasing dumasar kana téori anu geus disusun.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur nyingkahan ayana salah tapsir atawa ambiguitas ti nu maca, ku kituna di handap ieu diébréhkeun ngeunaan operasional tina ieu panalungtikan, nya éta:

a. Babasan jeung paribasa Sunda

Babasan jeung paribasa Sunda nya éta pakeman basa nu kaasup folklor lisan, miboga kecap konci nu matok sarta miboga harti ijeuman. Babasan wangunna nyoko kana keccap rundayan, kantétan, jeung rajékan. Sedengkeun paribasa nyoko kana wangun klausa jeung kalimah.

b. Psikolinguistik sosial

Psikolinguistik sosial nya éta ulikan basa anu medar aspék-aspék kajiwaan pikeun maham beungkeutan batin hiji masarakat.

c. Watek (karakter)

Watek nya éta sipat batin manusa anu mangaruhan pikiran jeung paripolah, sok disaruakeun jeung adat kabiasaan.

3.5 Intrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipaké pikeun meunangkeun data panalungtikan jeung nganalisis data panalungtikan. Data diperlukeun pikeun

ngajawab masalah dina ieu panalungtikan. Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun gambaran watek urang Sunda tina babasan jeung paribasa Sunda ngaliwatan téori Psikolinguistik sosial.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan nya éta make kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data babasan jeung paribasa Sunda tina buku babasan jeung paribasa. Dina kartu ieu kartu data make urutan huruf abjad, babasan jeung paribasa sarta ma'nana, jeung aspék psikolinguistik sosial. Anapon format kartu datana digambarkeun saperti kieu.

| |
|---|
| <p>Kode Data: 125/Bb12</p> <p>a. <i>Paheuyek-heuyek lengeun</i> 'Silih bantuan, silih bélaan, silih tulungan.'</p> <p>b. Déskripsi jeung analisis data Aspék Psikolinguistik Sosial Silih tulungan "Dina kagiatan interaksi sosial jeung papada manusa di masarakat, jeung orang Sunda sok silih tulungan, sarta tara bisa jeung dipahing saupama antepan."</p> |
|---|

Bagan 3.2 Kartu Data

Nomer 125 dina kode data mangrupa nomor urut dumasar kana alfabet. Kode "Bb" mangrupa singgetan tina *babasan* aya ogé kode "Pb" anu hartina *paribasa*. Sedengkeun nomer anu aya sanggeusna nya éta urutan anu dumasar kana nomer urut data.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data nya éta maké téhnik studi pustaka. Studi pustaka dina ieu panalungtikan maksudna telaah literasi ngeunaan bahan kajian jeung objék panalungtikan. Studi pustaka diperlukeun pikeun meunangkeun objék panalungtikan anu sumberna tina

literasi, sarta dibutuhkeun pikeun néangan téori-téori jeung sumber anu ngarojong kana panalungtikan.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta maké téhnik analisis. Data nu geus dikumpulkeun tina hasil studi pustaka perlu ditafsirkeun sangkan bisa méré gambaran leuwih jembar jeung méré alternatif jawaban kana masalah anu jadi puseur panalungtikan. Data anu baris diolah ieu, di antarana:

- a. maca buku babasan jeung paribasa Sunda;
- b. nangtukeun jeung nyirian babasan jeung paribasa anu kaasup kana aspék Psikolinguistik sosial;
- c. nganomeran babasan jeung paribasa;
- d. masing-masing data dumasar kana aspék psikolinguistik sosial; jeung
- e. nganalisis babasan jeung paribasa anu némbongkeun watak (karakter) urang Sunda.